



Pou Piblikasyon Imedya: 26/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES ANONSE DEPO YON APÈL NAN LAJISTIS ATRAVÈ PLIZYÈ ETA KONT REFÒM SALT ADMINISTRASYON TRUMP LAN

New York, Connecticut, Maryland ak New Jersey fè apèl nan Tribinal Apèl Etazini pou Dezyèm Sikwi

Gouvènè New York Andrew M. Cuomo ak Pwokirè Jeneral New York la Letitia James te anonse jodi a ke New York, Connecticut, Maryland ak New Jersey te depoze yon avi apèl bay Tribinal Apèl Etazini pou Dezyèm Sikwi a pou kontinye litij kont gouvènman federal la pou limit ilegal ak san parèy sou prelèvman pou taks eta ak lokal yo, ki rele SALT. Apèl sa konteste yon desizyon Tribinal Distri Etazini an pou Distri Sid nan New York te pran nan dat 30 Septanm 2019 ki te rejte plent eta yo, ki di ke limit SALT la se yon tantativ ke se politik ki motive li pou ogmante taks sou pwopriyete yo toutbon nan eta ki plis demokratik yo.

"Politik SALT administrasyon Trump lan se politik vanjans li ye - byen klè ak senp ke sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York deja se lidè nasyon an nan voye plis taks bay Washington ke nou resevwa chak ane epi nou p ap otorize administrasyon sa foure men nan pòch rezidan New York k ap travay di yo pou finanse rediksyon taks antrepriz yo epi voye plis lajan toujou bay eta wouj yo. N ap kontinye lite kont atak enkonstitisyonèl sa jiskaske li aboli yon fwa pou tout."

"Limit sa a deja mete yon gwo fado sou fanmi New York k ap travay di, nan klas mwayèn lan epi, nan ane k ap vini yo, nou prevwa li pral koute kontribiyab nan New York yo plis pase 100 milya dola, se poutèt sa n ap lite kont lwa san sans ak enkonstitisyonèl sa a", **Pwokirè Jeneral James te deklare.** "New York p ap pran nan entimidasyon pou li peye plis taks oswa chanje envestisman piblik enpòtan li yo akòz chwa Kongrè a ak patizan prezidan an."

Gouvènè Cuomo ak Pwokirè Jeneral Letitia James mennen yon kowalisyon ke Connecticut, Maryland, ak New Jersey antre ladan pou pwoteje New York ak kontribiyab li yo kont rediksyon radikal prelèvman SALT Washington lan. Pwosè a, ke yo te entante anvan sa nan mwa Jiyè 2018 la nan Distri Sid nan New York, te afime ke yo te adopte nouvèl limit SALT la pou sible New York ak lòt eta ki nan menm pozisyon yo, ke l ap entèfere ak dwa eta yo pou pran pwòp desizyon fiskal yo, epi pral afekte kontribiyab ki nan eta sa yo nan yon fason dispwopòsyone Eta prensipal yo ki gen pi gwo prelèvman mwayèn yo pou taks eta ak lokal yo - pifò ladan yo demokratik - ki gen ladan New York, Connecticut, Maryland ak New Jersey.

Lwa Fiskal 2017 la, ki vini de pwogram patizan administrasyon Trump lan, ki anile plis pase yon syèk presedan nan kòd fiskal federal la, te redui radikalman prelèvman taks

eta ak lokal yo nan yon limit ki se 10,000 dola. Yon analiz ke Depatman Fiskalite ak Finans Eta New York lan (New York State Department of Taxation and Finance) te fè prevwa ke limit lan pral ogmante taks federal rezidan New York yo jiska 15 milya dola chak ane. Kòm youn nan eta donatè prensipal nasyon an, atak sa plis ka domaje New York ke anpil lòt eta. Anvan adopsyon lwa 2017 la, Eta New York te deja gen pi gwo eka pami tout eta yo lè nou konsidere kantite lajan New York voye bay Washington ak finansman li te resevwa an retou. Lòt eta donatè yo, ki gen ladan Connecticut, Maryland ak New Jersey ap sibi domaj ki parèy.

Nan desizyon li nan mwa septanm lan, malgre li te pwononse kont Eta New York ak eta patnè li yo, Tribinal Distri Etazini pou Distri Sid nan New York la te dakò ke eta yo te afekte negativman sou baz agiman yo ke limit sou prelevman taks eta ak lokal yo ka bese pri kay yo. Nan ogmante toutbon taks sou pwopriyete nan eta a, limit SALT la pral redui tou valè pwopriyete mèt kay yo, sa ki pral dekouraje vant kay ak diminye revni eta yo ka kolekte nan takse vant sa yo.

Rapò yo nan laprès montre tou prèy anpirik ke rezidan New York yo, espesyalman moun ki touche plis yo nan eta a, deja ap deplase kay yo ak biznis yo pou ale nan eta tankou Florid akòz limit sou prelevman SALT la. Nan New York, 1% kontribiyab ki nan tèt yo reprezante 46% koleksyon taks sou revni eta a, kidonk pèdi yo ap menase kapasite Eta a pou li akonpli pwomès New York nan bay opòtinite pou tout moun kontribiye nan rann eta sa gran.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)